



Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI PWOTEJE IMIGRAN KI PA GEN PAPYE YO KONT MENAS POU RAPÒTE ESTATI IMIGRASYON YO

Lejislasyon (S.343-A/A.3412-A) aplike règ legal ekstòsyon oswa kontrent pou yon moun menase rapòte estati imigrasyon yon lòt moun

Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon (S.343-A/A.3412-A) jodi a ki klase kèk menas pou rapòte estati imigrasyon yon moun kòm mezi ekstòsyon ak kontrent dapre lwa New York. Yo ka trete menas pou rapòte estati imigrasyon yon moun kòm yon krim nan ka trafik mendèv ak trafik seksyèl, men yo pa t trete yo anvan kòm deli ekstòsyon oswa kontrent.

"New York konstui sou travay di ak detèminasyon jenerasyon imigran, epi nou bezwen sipòte moun k ap eseye konstui lavi yo pi byen pou tèt yo ak fanmi yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa ap pwoteje Nouyòkè yo kont move aktè ki itilize ekstòsyon ak kontrent akòz estati imigrasyon yo, epi rann eta nou an pi sekirize kont menas ak entimidasyon abominab yo."

Pwojè lwa sa pèmèt pwokirè yo pouswiv efò pou fè chantaj sou yon moun lè w menase pou lakoz pwosedi depòtasyon menm lè li pa lye ak trafik mendèv ak seksyèl. Yo te adopte mezi ki menm jan nan California, Colorado, Maryland ak Virginia, epi lejislasyon sa baze sou lejislasyon modèl Enstiti Lidèchip Piblik la (Public Leadership Institute) la rekòmande ki gen tit "Lwa pou Prevansyon Ekstòsyon Imigran (Prevent Extortion of Immigrants Act)."

Senatè Anna M. Kaplan te deklare, "Pou yon imigran ki pa gen dokiman ki te kouri kite danje nan peyi li, lè yo depòte li nan ICE, se ka yon santans lanmò, byenke malerezman, twòp moun vle pwofite de vwazen ki pi vilnerab nou yo lè yo menase pou revele estati imigrasyon yo pou eksplwate yo nan kèk fason. Lè nou adopte mezi yo t ap tann depi lontan sa, n ap modènize lwa sou ekstòsyon ak kontrent pou asire ke imigran Nouyòkè yo pa rete vilnerab ak menas abominab sa yo. Mwen ekstrèman rekonesan pou Manm Asanble Solages ak patenarya li nan abòde pwoblèm sa, ak Gouvènè Hochul paske li asire ke kominote nou yo sekirize epi pwoteje."

Manm Asanble a Michaelle C. Solages te deklare, "Lejislasyon sa inovè nan efò kontini New York pou pwoteje imigran ki pa gen papyè yo, ki ka kèk nan rezidan ki pi vilnerab eta nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li ratifye refòm enpòtan

sa—k ap pwoteje Nouyòkè ki pa gen papyè yo kont ekstòsyon ak kontrent—an lwa. Menas depòtasyon abitrè ekstrèmman danjre pou Nouyòkè k ap eseye nourir fanmi yo epi bay pitit yo yon lavi miyò, epi nou kanpe ak yo, ajodi a epi toujou."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)